Mata pelajaran	: Bahasa Daerah	Hari,tgl	:		2013
Kelas	: 8 (Delapan)	Waktu	:	120	Menit

** PANDHAWA LIMA **

Pandhawa iku nggambarake watak kang becik yaiku ambeg darma , andhap asor , adil wicaksana tansah dadi tepa tuladhane para kawula mudha.Kabeh saduluran tansah sayuk rukun ora tau tukar padu amarga duweni sipat jembar segarane , dawa ususe , jembar dhadhane marang sapa bae , mula uga diarani satriyatama aneng negara Ngamarta.Pandhawa lima yaiku Puntadewa , Werkudara , Janaka , Nakula lan Sadewa , Kabeh iku mau putrane prabu Pandhu Dewanata narendra ing Ngastina. Sawise prabu Pandhu Dewanata seda paprentahaning negara Ngastina diwakilake dening prabu Destarata kang duweni putra cacahe satus aran Kurawa.

Dene kurawa nggambarake watak kang ala yaiku drengki srei , angkara murka , jail methakil , senengane tukar padu amarga saka lunyu ilate , gedhe endhase , kaku atine , ngunggulake kekuwatane nanging pikirane landhep dhengkul , kang kalokeng ing negara Ngastina tumekeng negara liyane.Kadang-kadang Kurawa iku jenenge Duryudana , Dursasana , Durmagati , Citraksa lan citraksi lan liya-liyane.Kurawa tansah degsiya marang Pandhawa sing kalebu sadulure dhewe, Pandhawa ditundung, di pitenah, nanging Pandhawa tansah diayomo dening para dewa. Pandhawa banjur ngedegake negara anyar kang aran Ngamarta.

Pilihen jawaban sing kok anggep paling bener !

01. Watak kang becik , ambeg darma , andhap asor , adil wicaksana iku nggambarake watake sapa ...?
    a. Narayana b. Mahabarata c. Pandhawa d. Kurawa
02. Puntadewa , Werkudara , Janaka , Nakula lan Sadewa , Kabeh iku jenenge .....
    a. Kurawa b. Pandhawa c. Mahabarata d. Ramayana
03. Putrane prabu Pandhu Dewanata kang nomer siji iku sapa ?
    a. Puntadewa b. Werkudara c. Arjuna d. Nakula-sadewa
04. Duryudana , Dursasana , Durmagati , Citraksa lan citraksi iku kabeh putrane sapa ?
    a. Pandhu Dewanata b. Yudhistira c. Janaka d. Prabu Destarata
05. Sadulure Kurawa cacahe ana pira ?
    a. Sepuluh b. Siji c. Satus d. Sewu
06. Raden Werkudara minangka panenggak Pandhawa kang *" gagah prakosa "*. Tembung *Gagah prakosa* kalebu tembung ...
    a. Garba b. Saroja c. Entar d. Rinengga
07. Prabu Pandhu Dewanata narendra ing negara Ngastina. Narendra tembung kang asale saka .....
    a. Na+rendra b. Nara+endra c. Nar+endra d. Nara+randra
08. Pandhawa iku sawijining satriya kang watake becik yaiku ....
    a. Ambeg darma , drengki srei , andhap asor c. Ambeg dharma , andhap asor , Lembah manah
    b. Lembah manah , andhap asor , tukar padu d. Drengki srei , tukar padu , crah bubrah
09. Pandhawa iku cacahe lima , panengahe Pandhawa lima yaiku .....
    a. Janaka b. Werkudara c. Puntadewa d. Nakula-sadewa
10. Sewise prabu Pandhu Dewanata seda paprentahanin Ngastina diwakilake marang sapa ...?
    a. Puntadewa b. Destarata c. Pandhawa d. Kurawa
11. tembang gambang suling iku kalebu tembang .....
    a. Macapat b. Gagrag anyar c. Tengahan d. Dolanan
12. Wong kang penggaweane nggawe keris iku diarani .....
    a. Pandhe b. Emban c. Empu d. Kundhi
13. Tembang ing ngisor iki kang kalebu tembang dolanan yaiku .....
    a. Cublak-cublak suweng b. Kidang talun c. Buta-buta galak d. Semuanya benar
14. Tembang macapat iku kaiket guru gatra . Sing diarani guru gatra yaiku .....
    a. Cacahing gatra saben pada c. Cacahing wanda saben pada
    b. Cacahing wanda saben sagatra d. Cacahing pada saben gatra
15. Basa rinengga tansah migatekake .....
    a. Undha usuk basa lan endahing swasana c. Tembung baku lan undha usuk basa
    b. Tembung baku lan tembung lugu d. Tembung kawi lan tembung manca

16. Basa rinengga dianggo ing .....
    a. Basa padinan / gancaranc. Basa kanggo pranatacara
    b. Basa kanggo ngandharake isine cerkak d. Basa kanggo pecelathon
17. Kutha Malang wis kawentar dadi kutha pendidikan. Tembung kawentar tegese...
    a. Kondhang b. Maju c. Mundhur d. Unggul
18. Didik bocah kang entheng tangane saben dolanan karo kancane mesti ana sing nangis.'' entheng tangane '' tegese .....
    a. Seneng tetulung b. Seneng mara tangan c. Seneng njarag d. Seneng njaluk
19. Para tamu jalwestri padha pinarak mirengake ceramahe uztadz Jefri. Tembung ''jalwestri'' kalebu tembung .....
    a. Garba b. Saroja c. Entar d. Rinengga
20. Ukara-ukara iki kang nggunakake basa rinengga .....
    a. Para rawuh mangga sami dhahar c. Sagung para rawuh katuran dhahar
    b. Para tamu kakung miwah putri kaaturan dhahar d. Para tamu mangga sami bedha rumiyin
21. Abang – abang ora legi .....Ukara kanggo ngganepi parikan yaiku ...
    a. Dadi murid kudu sing tabri c. Gemi nastiti lan ngati ati
    b. Tiwas dagang ora bathi d. Tata titi , tatas titis
22. Wajik klethik gula Jawa..... Ukara kanggo ngganepi parikan yaiku ...
    a. ana rina , ana saga b. Tamba teka lara lunga c. Luwih becik sing prasaja d. Ja sok ngamuk gelis tuwa
23. Jangan kacang , jangan kara
    Kaduk uyah kurang gula
    Piwelingku mring pra mudha
    Aja wedi ing rekasa
    Parikan kasebut gatrane .....
    a. (4 wanda + 4 wanda) x2 c. (8 wanda + 8 wanda) x2
    b. (4 wanda + 8 wanda) x2 d. (8 wanda + 4 wanda) x2
24. Kang kalebu tuladhane parikan yaiku .....
    a. wedang bubuk tanpa gula c. Bayem arda , dasar anteng tur jatmika
       Jo sok ngamuk , delis tuwa
    b. Kembang terong d. Aja sok ngrokok cendak , neges-neges bae
       Gelem ngesong suthik kalong
25. Budi putrane Pak Parjo iku landhep pikire. Tembung landhep pikire nduweni teges .....
    a. Duwe tata krama b. Pinter c. Bodho d. Kesed
26. Cara tukar pikiran utawa ijol panemu antarane wong loro utawa luwih kanggo oleh tambahan pangerten lan ilmu kang dikarepake diarani .....
    a. Musyawarah b. Panemu c. Diskusi d. Rapat
27. Ngomongake masalah kang arep didiskusikake kalebu tugase .....
    a. Moderator b. Notulen c. Seketaris d. Peserta
28. Nanggapi materi kang di bahas ana diskusi kalebu tugase .....
    a. Moderator b. Notulen c. Seketaris d. Peserta
29. Pitakon kudune disusun kanthi ukara kang singkat lan gampang dingerteni , uga migunakake unggah-ungguh basa kang bener iki kalebu .....
    a. Prinsip-prinsip diskusi b. Syarat-syarat diskusi c. Aturane diskusi d. Cara-carane diskusi
30. Ing ngisor iki , kang kalebu tugase notulen yaiku .....
    a. Nemtokake aturane diskusi c. Ngatur lakune diskusi
    b. Gawe laporan sawise diskusi rampung d. Menehi katrangan sing cetha marang sing melu diskusi
31. Ing sajroning proses diskusi , tanggapan , usulan , pitakon lan adu panemu kudu disampekake lewat .....
    a. Moderator b. Notulen c. Seketaris d. Peserta
32. Masalah kang di pecahake nganggo diskusi bisa ditemokake panemu kang ora sarujuk karo peserta liyane yaiku rupa.....
    a. panemu b. Tanggapan c. Sanggahan d. Diskusi
33. Ing gamelan Jawa ana urut-urutane swara (nada) yaiku .....
    a. Pathet b. Laras c. Wilet d. Gerong
34. Titi laras ing tembang jawa / gamelan Jawa ana .....
    a. Pathet lan wilet b. Slendro lan pelog c. Gerong lan suluk d. Antawacana lan nyinden
35. Kang kalebu gamelan kang panabuhe dikebuk / dikeplak yaiku....
    a. Bonang b. Gambang c. Slenthem d. Kendhang

MBARANG

Bocah cilik manis kakang adhi
Runtang-runtung nyang emdi-endi
Nyangking angklung saka bumbung
Mlebu metu lurung
Bocah cilik manis kendhana-kendhini
Runtang-runtung mbarang saparan-paran
Ngupa boga nyambung panguripan sadulitan
Nambal nistha sing lunga-teka wira-wiri , nrenyuhi
Nembangi lagu-lagu , memelasi
Mbukak babad ngenesi ati
Koncatan bapa-biyung , dheweke ditinggal keri
Bocah cilik manis kendhana-kendhini
Runtang-runtung nyang endi-endi
Dina-dina uripe kaliput ayang-ayange mega

36. '' Bocah cilik manis kendhana-kendhini '' Tembung kendhana-kendhini duwe teges .....
a. Anak loro lanang wedok c. Anak loro wedok lanang
b. Anak loro lanang wedok nunggal Ibu d. Anak loro lanang wedok nunggal wong tuwa

37. '' Ngupa boga nyambung panguripan sadulitan '' Tembung ngupa boga duwe teges .....
a. Golek panguripan b. Galok pangan c. Golek dhuwit d. Golek panggaweyan

38. '' Koncatan Bapa Biyung '' ukara iku ditegesi .....
a. Ditinggal seda bapa-biyunge c. Ora duwe bapa-biyung
b. Ditinggal lunga bapa-biyunge d. Ora weruh bapa-biyunge

39. Geguritan '' mbarang '' didominasi dening citraan .....
a. Pangrungu b. Pangganda c. Pangrasa d. Pandeleng

40. Suasana kang kagambar ing geguritan '' mbarang '' yaiku .....
a. Nrenyuhake b. Seneng c. Ngenesi ati d. Susah

41. Dideleng saka isine , geguritan '' mbarang '' kagolong .....
a. Geguritan bocah b. Geguritan remaja c. Geguritan dewasa d. Geguritan wong tuwa

42. '' Nambal nistha sing lunga,teka wira-wiri , nrenyuhi '' . Tembung '' nambal nista '' duwe teges.....
a. Tegese lugu b. Tegese entar c. Tegese pralambang d. Tegese gegambaran

43. Geguritan '' mbarang '' isine nyritakake bab .....
a. Gambaran bocah lola b. Pengalamane bocah lola c. Panguripane bocah lola d. Kesenengane bocah lola

44. Geguritan '' mbarang '' ing pada siji , larik siji , ing pada loro larik siji , lan pada 4 larik siji , ngandut *lelewaning* basa ....
a. Metafora b. Kiasan c. Personifikasi d. Repetisi

45. Tema kang ana ing geguritan '' mbarang '' yaiku ....
a. Ketuhanan b. Sosial c. Pitutur d. Perjuangan

46. Tembung '' wayah '' yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku .....
a. b. d.

47. Tembung '' putra '' yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku .....
a. b. c. d

48. Panulisaning .bocah sregep nganggo aksara jawa yaiku ...
a. c.
b. d.

49. Arjuna sasrabau duka , yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku .....
a. c.
b. d.

50. Sakur tuku bakmi lan kacang ijo yen ditulis nganggo aksara jawa murda yaiku .....
a. c.
b. d.